

Anpeche COVID-19 gaye nan kominote a

Kreye pa "COVID-19 Health Literacy Project" an kolaborasyon avèk "Harvard Health Publishing"

Rete lakay ou lè ou kapab, eksepte pou ale nan randevou medikal.



Rete omwen a 2 mètr de lòt moun, menm si yo pa sanble malad. Enfòm sou direktiv kominote wap viv ladan lan paske kominote diferan gen direktiv diferan sou kesyon kite kay la.

Lave men ou avèk savon ak dlo pandan omwen 20 segonn anvan ou manje oswa anvan ou kwit manje, ak apre ou finn etènye, touse, oswa apre ou finn frekante nèn pot espas piblik.



Si ou pa kapab lave men ou avèk savon ak dlo, itilize yon dezenfektan pou men ki gen omwen 60% alkol ladan l.

Pa manyen je ou, nen ou, ak bouch ou.



COVID-19 kapab viv sou kèk sifas pou plizyè jou. Ou ka vin enfekte si ou manyen sifas sa yo epi manyen je ou, nen ou oswa bouch ou.

Netwaye ak dezenfekte sifas ke ou itilize anpil yo. Itilize solisyon alkòl ki gen omwen 70% alkol, oswa solisyon klowòks.



Netwaye sifas ke ou itilize souvan yo tankou telefòn yo, kle yo, tablèt yo, manch pòt yo, ak rimòt televizyon yo.

Touse ak etènye nan koud ou oswa nan yon tisi.



COVID-19 transmèt prensipalman nan ti gout ki vole nan lè a, lè yon moun enfekte etènye oswa touse tou pre lòt moun.

Reflech chavans sou fason pou pran swen tèt ou ak fanmi ou.



Granmoun ak moun ki gen yon kondisyon medikal kwonik (egzanp, sik, tansyon, kè) plis an danje pa rapò ak COVID-19. Yo ta dwe pale ak doktè yo sou fason pou pwoteje tèt yo. Kreye yon lis de kontak ijans yo epi prepare yon espas lakay ou pou fanmi ki ta tonbe malad.

Fè

- ☒ Rete nan kay ou, eksepte pou vizit medikal yo. Si ou gen sentòm grav, rele 911 oswa nimewo ijans ki disponib nan zòn ou rete a
- ☒ Lave men ou avèk savon ak dlo pandan 20 segonn (oswa itilize yon dezenfektan pou men ki gen omwen 60% alkol)
- ☒ Touse ak etènye nan koud ou oswa nan yon tisi.
- ☒ Vizite sit [CDC](https://www.cdc.gov) oswa [WHO](https://www.who.int) pou enfòmasyon aktyèl.
- ☒ Rete an kominikasyon ak zanmi, ak fanmi pa telefòn oswa "apèl videyo"

Pa Fè

- ☒ Pa kite kay la oswa patisipe nan yon gwoup si li pa esansyèl
- ☒ Pa mete "mask" sof si ou ap pran swen yon moun malad
- ☒ Pa touse nan men ou
- ☒ Pa itilize enfòmasyon nan sous ki pa verifye
- ☒ Pa vizite zanmi ak fanmi paske ou kapab ogmante risk ni pou ou, ni pou yo pou trape COVID-19

Dat dènye revizyon an: 3/23/20